


















Broward Reads Lis liv pou preskolé

(100 Liv pou Fanmi Fé Lekti epi Apresye Lekti!)
















The Campaign for
GRADE-LEVEL
READING







	Kouvèti Liv	Tit liv-la	Otè	Rezime
1.		<i>A Color of His Own</i>	Leo Lionni	Elefan gen koulé gri. Kochon gen koulé woz. Se sél kamelewon ki pa gen pwòp koulé pa-li. Èske rankont kamelewon ak yon zanmi va fè l konnen se OK pou l chanje koulé? Timoun-yo ak fanmi-yo ka pale sou jan kamelewon chanje nan tout liv-la.
2.		<i>Abuela</i>	Arthur Dorros	Rosalba imajine lap vole anlè nan vil New York City avèk gramè-li ke li renmen anpil. Rosalba itilize yon bél melanj lang Angle ak Espayol pou dekri vwayaj-la. Ansanm yo sivole ri trè frekante vil Manhattan jouk rive Stati Libète.
3.		<i>An Extraordinary Egg</i>	Leo Lionni	Sou lil Pebble Island se yon jou jou spesyal pou twa grenouy kan youn nan grenouy-yo dekovri yon bél ze tou blan. Kisa ki anndan ze-la?
4.		<i>Anno's Counting Book</i>	Mitsumasa Anno	Foto nan liv la ofri plen opòtinite pou timoun-yo fè obsèvasyon, konpare epi klase, note aranjman ...epi KONTE!
5.		<i>Are You My Mother?</i>	PD Eastman	Istwa klasik enteresan pou timoun k'ap fèk kòmanse li. Istwa sa dekri relasyon fò ant yon manman ak ptit-li. Lè ze yon manman zwazo kòmanse ap bouje, sote, manman zwazo kite ni-li epi kouri al chache manje pou ptit-li. Kou li soti, tizwazo fét.
6.		<i>Bear Snores On</i>	Karma Wilson	Yon lous ibène diran livè. Pandan tout lòt zannimo antre anndan kav la pou chofe kòyo epi fete, Lous la ap dòmi. Lous GRANGOU kou li leve! Èske li va patisipe nan fêt-la epi amize li?
7.		<i>Bright Eyes, Brown Skin</i>	Cheryl Willis Hudson	Zye briyan epi po mawon. Se yon istwa senp ki atravè eleman naratif yon powèm esplike nou dwe santi nou byen nan ponou. Imaj ak mo-yo dekri karakteristik fizik inik e bote timoun Afriken ameriken pandan yap jwe youn ak lòt diran yon jounen.
8.		<i>Brown Bear, Brown Bear, What do you See?</i>	Eric Carle	Yon gwo grenouy ki kontan, yon gwo chat mov, yon bél cheval ble epi yon kana dou e jòn –yo chak ap defile nan paj liv sa ki plen mèvèy.










	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
9.		<i>Bunny Cakes</i>	Rosemary Wells	Se fêt Granmè; Max ak Ruby toulede vle fè yon gato, men yo chak gen lide diferan. Swiv-yo pandan yap reyini engredyan-yo epi kwit gato a pou fè granmè yon sipriz.
10.		<i>Chicka Chicka Boom Boom</i>	Bill Martin Jr.	Tout lét alfabet la ap fè yon kous pou monte jouk anwo sou yon pyebwa kokoye, èske ap gen ase plas pou yo tout?
11.		<i>Clifford the Big Red Dog</i>	Norman Bridwell	Rankontre ak Clifford epi Emily Elizabeth nan liv orijinal Clifford! Clifford gwo. Clifford wouj. Avantou, Clifford konnen jan pou li yon BON ZANMI.
12.		<i>Corduroy</i>	Don Freeman	Corduroy se yon lous an pelich, abiye ak salopèt kòduwoy koulé vét, e lap viv sou etajé yon magazen. Corduroy anvi rete nan yon kay. Kijan li ka jwenn yon kay si rad-li manke yon bouton?
13.		<i>Cow that Went Oink</i>	Bernard Most	Oté liv rekonfòtan sa ekri liv la pou di nou nou dwe asepte nou jan nou ye. Nou dwe konnen se okay pou nou diferan de foul-la. Pésistans, péséverans, ak amitye ka edenou simonte difikilte epi aprann nouvo bagay.
14.		<i>Do Like Kyla</i>	Angela Johnson	Liv sa montre foto de sè k'ap fè tout kalite aktivite amizan ansanm. Foto-yo bél, jwaye, epi kolore. Fokis liv la pozitiv epi apiye avék fòs tout jwa fanmi pataje lò evènman ak aktivite toulejou.
15.		<i>Don't Let the Pigeon Drive the Bus</i>	Mo Willems	Lé chofè yon bis deside pran yon brék etan sou wout li, yon volonté ou pa ta sipoze kouri pou pran plas la—yon pison! Pison plede, karese, sipliye, nan tout liv la, timoun-yo ta renmen reponn li epitou deside de sò li.
16.		<i>Eating the Alphabet</i>	Lois Ehlert	Soti nan abriko ak avoka tonbe nan yann ak zouxini, timoun-yo aprann nan liv la non tout kalite fwi ak legim ki delisy e nourisan. Nan fen liv la gen yon glosé ak enfòmasyon sou kote chak fwi oswa legim pouse epi kijan yo manje fwi oswa legim-la.
17.		<i>Feast for 10!</i>	Cathryn Falwell	Yon liv ki entwodi konsép chif. Liv-la dekri yon fanmi k'ap fè shopin pou manje, prepare dine, epi apresa tout fanmi an chita bò tab-la pou manje. Èske ou ka predi kilès k'ap vini nan yon fêt pou 10? Kisa ou panse yo pral manje? Ankouraje timoun-yo reponn
18.		<i>Feathers for Lunch</i>	Lois Ehlert	Yon chat domestik (pet cat) deside al chèche manje pou lench-li men tout sa li trape se plim zwazo. Liv-la mete an valè 12 zwazo pi komen nan istwa a. Epitou nan fen liv-la, gen ti istwa ak enfòmasyon amizan.









	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
19.		<i>Feelings to Share A to Z</i>	Todd and Peggy Snow	Nan powém ak mo ki rimen epi ilistrasyon enteresan, liv sa ede timoun-yo bati epi itilize vokabilé pou kominike santiman-yo. Pandan w ap fè lekti, ankouraje timoun-yo pale sou santiman yo epi mande yo ki jan yo konnen pésónaj-yo gen menm santiman sa yo.
20.		<i>Five Little Monkeys</i>	Eileen Christelow	Menm kote yo di Manman yo bonswa, senk ti senj kòmanse sote sou kabann-yo. Men yon sitiayson tét chaje devlope, senj-yo, youn apre lót, tonbe até epi frape tét-yo! Lektè ka pale sou chif, imite senj-yo lè yo sote, chante.
21.		<i>Flower Garden</i>	Eve Bunting	Yon jenn tifi, ansanm ak papa-li ale nan makét pou achte plant, té pou mete nan po, epi yon jadinyé, apresa yo monte nan bis pou ale nan apatman-yo, epi ansanm yo prepare kòm kado pou manman tifi a yon jaden espas kolore epi plen flè. Apre lekti a, fanmi ka planifye epi plante jaden flè pa-yo.
22.		<i>Giraffes Can't Dance</i>	Giles Andreae	Gerald se yon jiraf ki anvi danse, men janm-li twò mèg epi kou-li twò long. Yo fè l' konnen "Jiraf pa konn danse," men Gerald pran bon konséy nan men yon kriket ki plen sajès; kifè, Gerald kòmanse balanse epi danse nan son melodi ak mizik pa-li.
23.		<i>Goldilocks and The Three Bears</i>	James Marshall	Istwa sa ranpòte pri Gayan Meday Onné Caldecott. Istwa a re-rakonte istwa yon tifi ki rele Goldilocks epi avanti-li anndan kay twa lous. Kisa k'ap rive lè Goldilocks manje avwann, chita sou chèz epi dòmi nan kabann-yo? Kisa k'ap rive lè lous-yo dekovri li anndan kay-yo?
24.		<i>Good Night Good Night Construction Site</i>	Sherri Duskey Rinker	Sòlèy-la kouche déyé gwo chantye konstriksyon an, tout gwo kamyon k'ap travay di pare pou di bonswa. Chak kamyon, youn apre lót, fini travay pa-li epi al repoze, konsa kamyon an va pare pou yon lót jounen travay di sou chantye a!
25.		<i>Goodnight Moon</i>	Margaret Wise Brown	Tout bagay kòmanse nan gran sal vét la epi deplase nan tout kay-la yon fason pezib akonpaye ak son ki rimen epi aranjman. Liv sa kalme epi se yon liv ideyal ki relaksan omoman timoun al kouche.
26.		<i>Green Eggs and Ham</i>	Dr. Seuss	Dr. Seuss ekri yon liv pou timoun piti. "Èske ou renmen ze ak janbon vét?" Sam-I-am mande kesyon sa nan liv-la. Èske ou renmen yo nan kay oswa avék yon sourit? Èske ou renmen yo nan yon bato oswa ak yon kabrit? Nan yon tren oswa sou yon pyebwa? Sam plede mande kesyon an.
27.		<i>Grumpy Monkey</i>	Suzanne Lang	Jim, yon senj, te dezagreyab san rezon valab. Zanmi li pa konprann poukisa. Poukisa li dezagreyab poutan se yon bél jounen? Èske li bezwen yon jou pou montre li osi dezagreyab?

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
28.		<i>Harold and the Purple Crayon</i>	Crockett Johnson	"Gen lontan Harold tap reflechi pou l al mache diran yon nwit lè lalin la klere." Se konsa bél ti istwa sa kòmanse epi montre nou jan imajinasyon ka mennen n lwen.
29.		<i>Hi Fly Guy!</i>	Tedd Arnold	Buzz atrape yon mouch epi li deside antre nan konpetisyon <i>The Amazing Pet Show</i> . Paran-li epi jij-yo di li yon mouch pa ka yon pet (animal domestik). Men Buzz byen konnen, Fly Guy gen talan; kifè, paran ak jij ka twonpe yo. Timoun-yo va kontan wè talan Fly Guy ak tout tou Fly Guy ka fè. Yo va li paj istwa sa ki plen eksitasyon akòz Fly Guy.
30.		<i>How are you Peeling? Foods with Moods</i>	Saxton Freymann and Joost Elffers	Foto fwi ak legim avèk divès "espresyon figi" ka fè nou kòmanse pale de santiman. Ankouraje timoun-yo pale de santiman pa-yo. Sa amizan anpil pou nou imite "figi" nan liv-la!
31.		<i>How Do Dinosaurs Count to Ten?</i>	Jane Yolen	ANPIL anbyans amizan. Vin wè jan dinozò prefere ou va eméveye jenn lekté yo ak konpòtman amizan-yo. Kijan dinozò konte jiska dis? San rete! Timoun-yo va kontan pratike konte, pratike matematik, epi devlope ladrès nan aranjman nonb. Nan tout liv-la, lekté-yo ka lonje dwét yo sou nonb ak ekriti nonb.
32.		<i>Hug</i>	Jez Alborough	Bobo bezwen yo anbrase-li. Li mande tout lòt zanmi li nan mond animal pou anbrase l, men sanble yo pa konprann. Ankouraje timoun-yo pale kouman Bobo santi li epitou gade espresyon figi ak langaj kò-li ...sa tré tris! Kisa Bobo bezwen pou li santi li pi byen? Kijan Bobo ka jwenn yon zanmi anbrase-li?
33. Tris		<i>I Like Me!</i>	Nancy Carson	Liv sa plen ak ranfòsman pozitif, dekri yon kochon plen ennèji ki pwoklame, "Mwen renmen tèt-mwen!" Kochon renmen fason li epi tout aktivite li fè. Lé li fè yon bagay mal, li reprann konfyans nan tèt li epi eseye ankò. Ankouraje timoun-yo fè konneksyon epi pale sou fason yo ka renmen tèt-yo.
34.		<i>I Like Myself!</i>	Karen Beaumont	Plen enèji ak imajinasyon, powèm lirik la mete aksan sou konfyans nan tèt ou, powèm-la ankouraje timoun apresye tèt yo -anndan e deyò. Cheve pa kwafe? Move alenn bouch yon kastò? Epi kisa! Men yon tifi ki konnen sa ki vreman enpòtan. Kijan ou renmen tèt-ou?









	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
35.		<i>If You Give a Mouse a Cookie</i>	Laura Numeroff	Si yon vwayajé ki grangou vin lakay ou, ou ka ba-li yon bonbon. Si ou ba-li yon bonbon, li va mande-ou yon vè lét. Li ka mande w yon miwa pou gade tét-li, pou fè séten li pa gen lét sou moustach li, apresa li va mande yon pè sizo pou koupe cheve l....
36.		<i>In the Tall Grass</i>	Denise Fleming	Swiv gid toupti k'ap mennen ou fè yon tou. Gid-la vanse lanteman atravè zèb-yo. Se sa paj liv-la dekri. Nan zèb la ou va wè foumi ak abèy epi zwazo—ti lapen k'ap sote. Yon bon liv pou jenn avantiryè ak esploratè. Apre nou fin li liv-la, fanmi ka mennen timoun-yo deyò pou yon pwomnad nan lanati. Kisa ou wè nan zèb-yo, ki long, long?
37.		<i>Ish</i>	Peter Reynolds	Fè desen se sa Ramon fè. Se sa ki fè kē li kontan. Kisa ou panse ki va rive lè yon moun di Ramon pa kapab desinen? Èske Ramon va kontinye desine oswa abandone? Ankouraje timoun-yo gade desen Ramon epi pale sou jan yo "ish." Ki kalite desen fanmi ka fè ansanm apre yo fin li liv-la?
38.		<i>It Looked Like Spilt Milk</i>	Charles Shaw	Sou chak paj liv la parèt yon nouvo fòm blan ak yon pwofil sou fon ble ki ka reprezante yon bagay. Èske se yon lapen, yon zwazo, oswa jis lét ki tonbe atè? Timoun yo renmen devine jiskaske efè sipriz la pase. Alafen, yo aprann, ak yon ti imajinasyon, yon bagay òdinè ka vin yon bagay estraòdinè.
39.		<i>It's OK to Be Different</i>	Todd Parr	Liv sa va enspire timoun-yo selebre endividyalite pa-yo atravè aseptans lezòt, selebrasyon miltikiltiralis ak divèsite, epitou pwomouwva devlopman karaktè.
40.		<i>Jamberry</i>	Bruce Goldstone	Liv sa gen jedemo amizan epi bél penti ak ranséyman sou yon ti gason ki renmen berry anpil epi sou yon lous ki afektye e ki akonpanye ak mo ki rimen. Ofiramezi fanmi ap li liv la ansanm, yo ka pale sou mo ki rimen, kite espas pou timoun-yo antre mo rimen. Ansanm pratike mo ki rimen apre lekti a.
41.		<i>Kitten's First Full Moon</i>	Kevin Henkes	Timoun-yo pran plezi tande istwa sa lè Kitten panse reflè lalin se vreman yon bòl lét. Lektè-yo ka pale sou sekans evènman-yo diran vwayaj Kitten epi mete an sèn yo ti chat. Konsa yo va rakonte istwa a anouvo.
42.		<i>Knuffle Bunny</i>	Mo Willems	Trixie, Daddy, ak Knuffle Bunny ale nan Laundromat (lavwa otomatik) nan katye-yo. Malerèzman, sitiayson vin grav lè Trixie rann li kont ti lapen li te rete déyè. Ki kote KNUFFLE BUNNY ye?

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
43.		<i>Leo the Late Bloomer</i>	Robert Kraus	Leo pa ka fè lekti, oswa pa ka ekri, oswa pa ka desine, oswa menm pale. Papa Leo te vreman enkyé. Men manman Leo pat enkyete ditou. Li konnen ptit gason li va kapab fè tout aktivite sa-yo, ak piplis ankò, kou li pare.
44.		<i>Llama Llama Red Pajama</i>	Anna Dewdney	Lé mama pran twòp tan pou kouvri Llama, Llama red pajama ak yon dra, Baby Llama fè sa toune yon gwo dram! Timoun-yo va fè koneksyon ak Baby Llama ki bezwen yo rekonfòte-li. Paran va apresye mesaj rasiran Mama Llama.
45.		<i>LMNO Peas</i>	Keith Baker	Pare pou tounen epi tounen paj liv la ki va revele lét alfabét avék yon gwoup joyval ti pwa ki okipe anpil. Pandan w ap fè lekti, ptit-ou ka pratike lonje dwèt li sou lét ki sou chak paj epi ak mo ki kòmanse chak lét.
46.		<i>Lola at the Library</i>	Anna McQuinn	Lola gen yon gwo souri sou figi-li. Poukisa? Paske se Madi e le Madi se jou bibliyotèk! (library day). Patisipe ak Lola an prive nan selebrasyon liv epitou moun ki renmen-yo.
47.		<i>Maria Had a Little Llama</i>	Angela Dominguez	Deskripsyon anfans, jwaye de Maria ak lama li ke li renmen anpil. Anviwonnan an raple yon chanson rimen ki familye, "Mary Had a Little Lamb", (Mari gen yon mouton) men fwa sa istwa a pase nan yon vilaj Perivyen.
48.		<i>Maybe Something Beautiful</i>	Isabel Campoy and Theresa Howell	Kisa koulé fè nan yon kominate ki gri? Mira ak vvazen li dekouvri anpil bagay ka rive! Chwazi yon penso epi vin patisipe nan fêt la, menm atis debiton ka kontribye ak yon kreyasyon atistik valab!
49.		<i>Miss Bindergarten Gets Ready for Kindergarten</i>	Joseph Slate	Se premye jou lekòl pou kindégadenn epi Miss Bindergarten ap travay di pou prepare saldeklas-la pou vennis nouvo élèv. Pandan fanmi an ap fè lekti, pale sou lét alfabét ki parèt sou chak paj epi sou non timoun-yo ki kòmanse ak chak lét alfabét la.
50.		<i>Mouse Paint</i>	Ellen Stoll Walsh	Yon jou twa sourit blan dekouvri twa bokal penti –wouj, ble epi jòn. Souris estipid pentire, ranvèse likid penti atè, epi mache sou penti, melanje koulè-yo, epi fè yon gwo dezòd!
51.		<i>No, David!</i>	David Shannon	Pare pou rankontre David toujou bon imè ke li pa kache, yon souri plen malis, epi yon kondwit k'ap fè ou ri. Timoun yo va konprann David ak move kondwit li ki pa aseptab paske timoun-yo yo-menm tou gen menm kondwit dwòl, kondwit ki libere yo de tout kontrent.





	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
52.		<i>Not Norman</i>	Kelly Bennett	Norman se yon ti pwason wouj (goldfish). Men se pa sa ki te nan lespri yon ti gason. Fé lekti istwa a ki fini nan yon fason pozitif epi enprevi, jwenn yon bagay ki bon nan yon bagay ou panse ou pat bezwen ditou.
53.		<i>One Duck Stuck</i>	Phyllis Root	Timoun-yo gen opòtinite aprann konte epi konnen mo ki rimen ak liv sa ki ofri yon abondans son ak chif ki va fè timoun-yo k'ap koute, kouri prese patisipe nan aktivite amizan teren glise e plen labou!
54.		<i>Only One of You</i>	Linda Kranz	Nan gran mond sa, gen yon sèl moun tankou w se ou-menm. Ede fè mond-la yon pi bon kote. Atravé mo senp e pwisan, pwason pataje ak pitit gason li, sajès li akeri. Sajès ki va gide pitit-li etan li pati esploré lemond.
55.		<i>Owen</i>	Kevin Henkes	Owen te gen yon blanket jòn Fuzzy. "Fuzzy ale tout kote m ale," Owen di. Owen gen pou lal lekòl, kisa li va fè ak Fuzzy? Ki santiman Owen gen pou Fuzzy epi paran Owen ak Madan Tweezer deja aliye kék lide sou pwochenn etap?
56.		<i>Owl Babies</i>	Martin Waddell	"Mwen vle manman mwen!" Twa ibou tibebe leve nan mitan lannwit epi konstate manman-yo pa la, yo pa gen kontwòl sitiayson an men yo kirye pou konnen kote manman-yo ye. Kisa manman ap fè? Kilè lap tounen?
57.		<i>Pete the Cat: I Love My White Shoes</i>	Eric Litwin	Pete the Cat al mache nan lari. Li mete soulye blan tounéf li. Sou wout la, soulye chanje koulé, yo vin blan epi wouj yo vin ble epi mawon epi yo vin MOUYE paske Pete the Cat mete pye li sou yon pil fréz, mity (blueberries), ak lòt pil bagay!
58.		<i>Quick as a Cricket</i>	Audrey and Don Wood	Nan liv sa, yon jenn ti gason dekri tét li kòm "ruji kòm yon lyon," "kalm tankou yon zwit," "fò kòm yon rinosewòs," epi "dou kòm yon mouton". Gen anpil deskripsiyon ak konparezon.
59.		<i>Rhyming Dust Bunnies</i>	Jan Thomas	Bug! Rug! Mug! Hug! Mouton de pousyè (dust bunnies) renmen mo ki rimen. Ebyen, esepte pou Bob. Lòt mouton de pousyè-yo fristre, Bob pa janm ka jwenn mo ki rimen jis. Èske nan liv la li va aprann rimen tankou lòt Mouton de pousyè-yo?
60.		<i>Rosie's Walk</i>	Pat Hutchins	Rosie se yon poul ki kite poulaye a epi ale an pwonnad. Rena deside swiv li epi mache dèyè l, eseye ratrape li men rena malen. Pwomnad Rosie trankil, san ensidan epi li tounen san pwoblèm nan poulaye a. Erèzman Rosie pat konnen tout penn ak traka rena te genyen pou navege atravé obstak ke Rosie evite li-menm.

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
61.		<i>Round is the Tortilla: A Book of Shapes</i>	Roseanne Thong	Liv la rich an ilistrasyon, téks ak mo ki rimen amizan pou li, gen yon glosé enfòmatif, liv la nan konsèp amizan va fè dekouvrir fòm jewometrik ki fè pati lavi toulejou chak timoun! Pandan fanmi an ap fè lekti, pale sou fòm nan liv-la. Ankouraje timoun-yo ale alachas pou idantifye fòm jewometrik nan kay ou epi nan kominate a.
62.		<i>Sheep in a Jeep</i>	Nancy Shaw	Nan liv imaj sa yon twoupo mouton kondwi yon Jeep atravè kanpay la. Pandan w ap li ak ptit-ou, pale sou mo ki rimen nan liv la. Mande ptit-ou bat men, mache, epi sote sou mo ki rimen. Patisipe nan jwèt rim estipid.
63.		<i>Silly Sally</i>	Audrey Wood	Silly Sally se yon liv ak mo ki rimen. Liv la dekri yon pésonnaj estipid ki rele Silly Sally. Pou l ale lavil Silly Sally mache devan déyé epi tét anba. Sou chemen li, Silly Sally rankontre tout kalite diferan animal epi yo jwe ansanm jwèt komik.
64.		<i>Sometimes I'm Scared</i>	Jane Annunziata	Pou timoun, laperèz se yon gwo emosyon epi anpil bagay ka fè yo pè vreman e kèk fwa timoun-yo santi-yo akable. Liv sa esplike etap ou ka itilize pou simonte pwoblèm krent timoun-yo. Liv-la bay paran konsèy.
65.		<i>Stand Tall Molly Lou Melon</i>	Patty Lovell	Molly Lou Melon ti tay epi li maladwat. Molly Lou Melon gen anomali nan dan devan, yo rele sa buckteeth nan lang angle. Vwa Molly sonnen tankou vwa yon grenouy ke yon sépan (boa constrictor) ap peze. Molly chanje lekòl. Tout pawòl ankourajan Grandma ede Molly kounyea gen konfyans nan tèt li nan anpil sitiaysyon.
66.		<i>Stellaluna</i>	Janell Cannon	<i>Stellaluna</i> se yon bél istwa yon jenn chòvsourit ki tounen san pwoblèm lakay li bò kote manman l ak zanmi-li. Ankouraje timoun-yo pale kijan Stellaluna santi li epi sa li fè.
67.		<i>Swimmy</i>	Leo Lionni	Oseyan se yon mond plen dlo anpil mèvèy ladann men li ka reprezante yon danje pou ti pwason. Swimmy montre zanmi li, ak anpil enjenyozite epi travay ann ekip, yo ka simonte danje. Pandan lekti a, pale sou travay an gwoup epi kijan Swimmy dirije epi motive ti pwason-yo travay ansanm.
68.		<i>Ten Black Dots</i>	Donald Crews	Kisa ou ka fè ak dis pwen nwa? Yon pwen ka fè yon solèy, de pwen ka fè je yon rena, epi twa pwen ka fè figi yon bonòm denèj.' Se jis yon kòmansman nan liv kalkil vreman spesyal!
69.		<i>Ten Red Apples</i>	Pat Hutchins	Dis ponm wouj pandye sou yon pyebwa. Yippee, fiddle-dee-fee! Men yo pa la pou lontan. Cheval, bœf, bourik, kochon, poul epi chak zannimo sou fèm-la manje yon ponm. "Sere youn pou mwen," kiltivate a di. Ankouraje timoun-yo konte ponm sou chak paj epi pale sou chif ak ekriti nonb.

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
70.		<i>Thank You, Omu!</i>	Oge Mora	Chak moun nan katye Omu bezwen goute nan ragou delisyè Omu ap kwit! Yo chak swiv odè plen savè sa. Omu pataje yon gwo kiyè ragou ak chak moun ki frape nan pòt la epi ki antre anndan kay-la men byento chodye a vid. E Omu sa lap manje?
71.		<i>The Adventures of Beekle: The Unimaginary Friend</i>	Dan Santat	Yon ti kreyati ki fèt sou yon zil, pou zanmi imajinè, tap tann tou pa l pou "yon vre timoun imajine li," men tou pa l pat janm rive. Kreyati a fè yon vwayaj enkwayab nan yon gran vil, kote li finalman rankontre ak zanmi ideyal li, yon perfect match, epi -- anfen—li ba li yon non spesyal: Beekle.
72.		<i>The Carrot Seed</i>	Ruth Krauss	Lè yon ti gason plante semans kawòt, tout moun di-li, kawòt la pap pouse. Men lè ou timoun piti, ou kwè nan sèten bagay, ou jis <i>konnen</i> yon jou kawòt la va pouse. Chak jou, li wouze plant-la, rache move zèb, epi tann ...
73.		<i>The Cat in the Hat</i>	Dr. Seuss	Podyab Sally ak frè li, se yon tan lapli epi fè frêt deyò, yo pa ka soti anndan kay-la . . . jiskaske yon chat gran tay antre nan kay-la, chat-la transfòme yon jounen raz an yon avanti fòl, epi prekse kraze tout bagay anndan kay la diran avanti a!
74.		<i>The Day the Crayons Quit</i>	Drew Daywalt	Sa Duncan vle se kolore. Men lè Duncan louvri bwat kreyon li, li jwenn sèlman lét alfabet, tout lét-yo di menm bagay: Kreyon di yo pa kontan ak sitiyasyon yo. Yo tout te fè yon kraze kite sa! Kisa Duncan ka fè pou apeze kreyon-yo epi pès Wade yo tounen pou fè sa kreyon fè pi byen?
75.		<i>The Dinosaur Book</i>	Paul and Henrietta Strickland	Yo asosye dinozò pou montre kontré chak mo (anwo/anba, fèb/fò) avèk kouplè ki rimen epitou amize w ak dinozò. Pandan lekti a, diskite sans mo nou wè sou chak paj. Mande pitit-ou lonje dwèt-li sou foto ki montre kontré chak mo.
76.		<i>The Doorbell Rang</i>	Pat Hutchins	Chak fwa yon moun sonnen nan pòt la, plis zanmi vini. Nou va separe bonbon delisyè ke Ma kwit. Timoun-yo ka fè koneksyon matematik nan tout liv la, yo ka konte, adisyone epi soustrè.
77.		<i>The Dot</i>	Peter Reynolds	Pwofesè a te souri. "Jis trase yon pwen epi gade kote sa ap mennen ou." Se yon istwa kaptivan ki rakonte kouman yon sèl ti pwen ka siyale kòmansman yon vwayaj sipriz epi fè nou dekovri potansyèl ki anndan nou.

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
78.		<i>The Family Book</i>	Todd Parr	Gen anpil fanmi tout kalite fanmi epi yo diferan, liv THE FAMILY BOOK selebre chak fanmi yon fason amizan, senp epi rasiran.
79.		<i>The Giving Tree</i>	Shel Silverstein	Toulejou ti gason an vin bò kote pyebwa a pou manje ponm ki sou pyebwa a, itilize branch pyebwa pou fè balansin, ...epi pyebwa a te kontan anpil. Men ofiramezi ti gason ap grandi, li kòmanse ekzije plis de pyebwa a, epi pyebwa a bay, bay epi bay. Kisa ki va rive lè ti gason vin yon vye granmoun?
80.		<i>The Little Engine That Could</i>	Watty Piper	Kisa ki va rive lè yon tren plen ak anpil jwèt tonbe an pànn sou ray tren? Èske yon ti tren ble ka ede tren jwèt la lè oken lòt tren pa ka rale l? Ti tren va fè tout sa ki posib pou ede!
81.		<i>The Little Red Hen</i>	Paul Galdone	Kont popilè sa ka anseye timoun-yo etik nan travay ak inisyativ pésonnèl. Yon jou yon ti poul wouj (<i>little red hen</i>) jwenn semans nan té a. Ti poul wouj la gen lide plante semans-yo. Kilès ki va ede-li?
82.		<i>The Monster at the End of the Book</i>	Jon Stone	Adorab, an pelich Grover plede ak lektè a pou li pa vire paj liv-la —paske li pè gen yon monst nan fen liv-la. "Oh, mwen wont anpil," Grover di lektè a lè li rive nan dènye paj liv la . . . , se evidan, monst la se Grover li-menm!
83.		<i>The Napping House</i>	Don Wood	Yon kabann konfòtab, yon gramè k'ap wonfle, yon timoun k'ap reve, yon chen k'ap fè yon kabicha, yon kabicha--TANN! Gen yon sipriz k'ap tann nou pidevan, epi timoun piti va vle dekouvri sipriz la ankò e ankò.
84.		<i>The Peace Book</i>	Todd Parr	Liv sa a konsidere lapè selon pèspektiv yon timoun tankou, fè nouvo zanmi, koute diferan kalite mizik, kenbe lari pwòp, epi ede vwazen.
85.		<i>The Pout-Pout Fish</i>	Deborah Diesen	Naje ansanm ak pwason boude-boude. Pwason dekouvri si li-menm tris epi montre touttan li anwiye epi fatige "dreary wearies" se pa konsa li vle viv lavi-li. Èske pwason ka vire sousi li tèt anba?
86.		<i>The Rainbow Fish</i>	Marcus Pfister	Yon bèl pwason aprann fè zanmi lè li pataje byen pi presye li. Kijan pwason an va santi li apre li fin bay tout kal briyan ki sou do li?

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
87.		<i>The Real Mother Goose</i>	Blanche Fisher Wright	Patisipe ak Mother Goose, Kings, Jack and Jill, Humpty Dumpty, Little Bo Peep, the Little Piggies epi Twinkling Stars nan chanson klasik pou timoun piti. Powém ak chanson ki gen mo ki rimen, amizan.
88.		<i>The Snowy Day</i>	Ezra Jack Keats	Se premye fwa nèj tonbe nan anne a epi lektè-yo ka patisipe anmenmtan ak Peter nan avanti li nan yon jounen lanèj tonbe.
89.		<i>The Three Pigs and the Somewhat Bad Wolf</i>	Mark Teague	Twa kochon depanse lajan yo nan diferan bagay: potato chips, soda, ak materyo konstriksyon. Se pat yon sipriz ditou lè lou a te kapab demoli de premye kay-yo. Lè lou a pat kapab detwi twazyèm kay ki te fèt an brik, tout moun reyini epi amizman kòmanse.
90.		<i>The Very Hungry Caterpillar</i>	Eric Carle	Yon ti cheni soti nan yon ze epi li GRANGOU! Kisa ki va rive lè nan fen semèn nan cheni manje tout sa li ka jwenn kòm manje? Liv la ranfòse konsép konte, jou lasemann, ak sik biyolojik papiyon.
91.		<i>The Way I Feel</i>	Janan Cain	Ilistrasyon plen espresyon, kolore epi fò, sipòte ak powém senp ki ede timoun-yo konnekte yon mo ak yon emosyon.
92.		<i>The Wonky Donkey</i>	Craig Smith	Timoun-yo va ri anpil avék istwa pafè osijé yon bourik atachan. Se yon istwa yo li ak yon vwa fò. Rive nan dénye paj liv la, lektè-yo va retwouve yo avék yon bourik kouraje, hanky-panky, dezagreyab, santi, touipiti, disloke, honky-tonky, winky wonky!
93.		<i>Today I Feel Silly</i>	Jamie Lee Curtis	Estipid, dezagreyab, antouzyas, oswa tris — imè chak moun ka chanje toulejou. Epitou se okay! Nan liv la swiv pwotagonis antouzyas e dinamik pandan lap esplore imè pa-li epi kijan imè pa-li chanje yon jou apre lòt.
94.		<i>Turtle Splash!</i>	Cathryn Falwell	Èske ou ka devine ki diferan zannimo ki vini epi fè SPLASH pou tonbe nan letan an? Nan fen liv la, gen mo ki rimen, kontaj, enfòmasyon enpòtan, foto kolore, epi enfòmasyon baze sou fè reyèl.
95.		<i>We are in a Book!</i>	Mo Willems	Gerald, non elefan an ak zanmi-li, ki rele Piggie, rann yo kont avék plezi toulede nan yon liv, epi yo pran plezi fè lektè a di mo estipid. Liv sa ede aprann mye konsép lét enprime.

	Kouvéti Liv	Tit liv-la	Oté	Rezime
96.		<i>We are Graceful: Otsaliheliga</i>	Traci Sorell	Manm tribi amerendyen, Cherokee Nation, itilize mo otsaliheliga (oh-jah-LEE-hay-lee-gah) pou eksprime gratitud. Kòmansman otòn nouvèl ane epi finisman nan lete, swiv yon anne konplét selebrasyon ak esperyans Cherokee.
97.		<i>Where the Wild Things Are</i>	Maurice Sendack	Yon nwit, yon ti gason ki rele Max abiye an lou "komèt move zak youn apre lòt." Manman mande li ale nan chanm li. Alò, Max imagine li pati epi li ale yon kote bagay dwòl, (<i>Wild Things</i>) ap pase. Pare pou yon vwayaj plen avanti!
98.		<i>Where's My Teddy?</i>	Jez Alborough	Yikes! Eddie pran yon sezisman lè li dekovri lous an pelich li vin twò gwo epi li pa ka anbrase l ankò anmenmtan yon lous ki vivan diminye nan tay li télman ke li vin toupiti. Èske se rezulta erè nan idantite?
99.		<i>Whistle for Willie</i>	Ezra Jack Keats	Oh, jan Peter ta kontan si li te konn sifle. Peter ka rele Willie, chen li. Peter eseye eseye, men li pa pwodi oken son ak bouch li — jiskaske yon jou Peter sifle!
100.		<i>You Are Brave</i>	Maren Green	Èske ou brav? Liv sa endike plizyé fason timoun-yo brav toulejou. Epitou e komam chak timoun presye e enpòtan nan aktivite yo fè toulejou.